लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# दूबारा जीवन पावे वाली लइकी

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

याईर एगो यहूदी धार्मिक अगुवा रहलें; जे परमेश्वर के पूजा करत अउर दूसरा के परमेश्वर क वचन के सिखावल करत रहलें। एक दिन, एगो भयानक मुसीबत याईर की घरे आइल।



सिर्फ बारह साल की उम्र में उनकर प्रिय बेटी, बीमार हो गोइली। केहु भी उनकर मदद ना कर सकल। उ एगो गम्भीर बीमारी रहल। याईर के मालूम रहल, की उनकर बेटी मुवत जात बा।



खाली एगो आदमी याईर की बेटी क मदद कर सकत रहलन। याईर, यीशु के जोहे खातिर अउर उनके अपनी घरे बुलावे की खातिर



याईर के शायद ई मालूम रहल की उनकर धार्मिक दोस्त यीशु क अनुमोदन ना करत रहलें। लेकिन याईर एकर परवाह ना कइलन। उनके अपनी



याईर, यीशु के लोगन से घेरल पवलन। उ 'यीशु की गोड़ पर गिर गइलन। हताश होके उ विनती कइलन "हमार छोट बेटी मउवट की कगार पर बा।"





"कृपा करके
चलीं, अउर
हमरी बेटी
की ऊपर
हाँथ रखीं
तब उ चंगा
हो जायी
अउर उ
जिन्दा रही।"



यीशु याईर की संगे गइलन। लेकिन
उ भारी भीड़ की कारन जल्दी
उँहां से निकल ना सकलें।
एगो महिला, बारह साल से
बहुत बीमार रहल। उ सब
डॉक्टरन की पास गइल
(अउर आपन सारा पइसा
ख़तम कर दिहलस)
लेकिन कवनो मदद ना
मिलल। ओह, उ यीशु
के देखल चाहत रहे!



बेचारी उ
महिला का
करति? उ औरत मन में कहलस
कि, "यदि हम खाली उनकरी कपड़ा के
छू लेइब तअ, चंगा हो जाइब।" उ यीशु
की ओर आगे बढ़ल। फिर, अपनी हाथ के
बढ़वते, उ यीशु की कपड़ा के छू लिहलस।



एगो चमत्कार! एगो चमत्कार! महिला चंगा हो गोइल। उ पूरी तरह से! अबे तुरंत! उ जान लिहली की उ अच्छा अउर चंगा हो चुकल बाड़ी। लेकिन फिर एगो आवाज आइल "हमके के छूवल हअ?"



यीशु पूछलें, भीड़ उनके छूवलस हअ। लेकिन जेवन औरत चंगा हो गइल रहे उ जानत रहे कि ओ के ए बारे में बतावे के चाँही। डेरात - डेरात, उ उनसे आपन पूरा कहानी सुनवलस।

तबे, याईर की घर से उनकर नौकर अइलन। शायद शब्दन से पहिले उनकर चेहरा इ दुखद घटना के सुनावत रहे।

"आप क बेटी मर चुकल बाड़ी!"



उ याईर के बतवलन, अब बहुत देर हो चुकल बा। शायद, यदि ई औरत ए सब बातन में देरी ना कइले रहित तअ ... शायद, हमार बेटी बच गइल रहित ... याईर क प्रिय छोटकी लड़की मर चुकल रहे।



जब यीशु ई सुनलन, तब उ जवाब दिहलन, "मत डेराअ, खाली विश्वास करअ, अउर उ चंगा हो जायी।" वास्तव में ओ समय याईर के यीशु पर विश्वास कइला में केतना मुश्किल रहल होइ। उनकर बेटी मर गइल रहली।



घर में, सब केहु रोवल अउर लड़की की खातिर विलाप कइल। यीशु उन सब से कहलन "उ मरल नेइखी, लेकिन सूतल बाड़ी।" उ सब उनकरी पर हंसले रहल होइहन। उ जानत रहलन कि अब उ लड़की मर चुकल रहे।



यीशु उन सब के बाहर भेज दिहलन, अपनी हाथ से लड़की के उठवलन अउर कहलन, "छोटी बेटी उठअ"। याईर उहाँ रहलन। उनकर मेहरारू भी उहँवे रहल।



'यीशु क तीनो शिष्य भी उहें रहलन। उ सब यीशु क शब्द सुनत रहलन। का उ छोट मूवल लड़की भी, हँ उन सब के सुनले होइ?



उ मूवल लड़की 'यीशु क आज्ञा के सुनलस!
उनकर आत्मा
लवट आइल,
अउर उ तुरंत
उठ गोइल।
यीशु
मूवलन
में से ओ
के जियवलें।



लड़की क माइ - बाप चकित रहलें। यीशु उनसे कहलन, लड़की के कुछ खाये के दअ जा। उ केतना खुश भइल होइहें; उ यीशु क केतना आभारी रहलन।

उनकरी अद्भुत प्रेम अउर शक्ति से उनकर बेटी वापस जीवित हो गइली।



# दूबारा जीवन पावे वाली लड़की

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मारकूस 5, लूका 8

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16